Ассаламу гIалайкум!

# АХИХЪАН

№ 39 (7440)
30 Сентябрь 2020 сон
АрбагI
sadovoduns@yandex.ru
Багьа эркенаб

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

## Поздравление

27 сентября в нашей стране отмечается замечательный праздник – День воспитателя и всех работников дошкольного образования.

Этот день призван привлечь к детским садам и их работникам больше внимания, помочь им в решении определенных проблем, поддержать их в этом нелёгком, но таком благородном труде.

Дорогие воспитатели и работники детских садов!

Примите наши искренние поздравления с вашим профессиональным днем!

Дошкольный возраст — особенно важный и ответственный период в жизни ребенка, в этом возрасте формируется личность, и закладываются основы здоровья.

Благополучное детство и дальнейшая судьба каждого ребенка зависит от мудрости воспитателя, его терпения, внимания к внутреннему миру ребенка. С помощью своих воспитателей дошкольники познают секреты окружающего мира, учатся любить и беречь свою Родину.

Вас заслуженно называют "вторыми мамами" и дети зачастую действительно любят вас, как родных матерей. Ведь вы проводите с малышами очень много времени и обучаете их всему.

Спасибо вам за ваш нелегкий труд, порой незаметный, но очень кропотливый. Ваша работа – очень ответственная, ведь именно вы формируете сознание подрастающих поколений.

Желаем Вам неиссякаемого источника сил, вдохновения, творчества, и конечно же, крепкого Вам здоровья и счастья!

**Глава администрации МО «Унцукульский район» Иса Нурмагомедов, коллектив администрации, депутаты районного собрания, Общественная палата Унцукульского района**

## Баркула!



24 сентябралда РДялъул БетIер В. Васильевас, РДялъул Роскомнадзоралъул управлениялъул нухмалъулев Н. Павловас, ДГМУялъул ректор С. Маммаевас шапакъатал кьуна медицинаялъул профилактикаялъул факультетазул студентазе. Гьезда гьоркьор руго хIаракатал волонтеразул хIалтIи гьабурав Генуб росулъа АхIмад-Расул МухIамадович Юсуповасеги. «COVID-I9» пандемиялъул заманалда гьез жидеего бугеб хIинкъиялде рачIинчIого кумек гьабуна гьеб захIматаб унтуца унтарал сах гьариялъегун кверчIвай гьабиялъе.

Дагьаб цебе АхIмад-Расулие РДялъул сахлъи цIуниялъул Министр Ж. ХIажиибрагьимовас Баркалаялъул Кагъаталдалъул шапакъат кьуна.

Гьанибго бихьизабизе ккола, Юсупов восун вуго РФялъул МЗялъул Баркалаялъе рихьизаруразул сияхIалдеги.

## «I00 школ» проекталда рекъон




Районалъул бетIер ГI. НурмухIамадовасул бихьизабиялда рекъон гьесул зам. ГI-М. МухIамадовас ва лъай кьеялъул отделалъул начальникасул ишал тIуралев Къ-М. ХIасановас хал гьабуна «I00 школ» регионалияб проект тIубазабиялъе районалда гьарулел ругел хIалтIабазул. Республикаялъул I36 школазда гьоркьобе гьеб проекталда рекъон ккана нилъер районалъул Унсоколо № I ва Зирани школалги.



Гьеб программаялъул рамкаялда жаниб кIиябго школалда гьаруна жанисел ремонталъулал хIалтIаби ва санагIалъаби чIезари, азбарал къачIай. Гьедин Зирани школалда хасал бутIабазда гьабуна облицовка, тIуна бетон, къана сверун, территория сверун ккуна сетка. Жаниб чIезабуна канлъи, лъуна лъим хинлъизарулел жал, хисана умывальникал, нуцIби хисана махулалде.

Гьединго школалда лъун руго цIа ккеялъул ишалда хIалтIизаризе сигнализациял. Гьел лъезе руго кIиабилеб этажалдаги. Кухнялда лъуна цIиял вытяжкаби ва вентиляционниял трубаби хисана.

Школалъул директор Х. Расуловасул рагIабазда рекъон киналго хIалтIаби тIад къараз намус бацIцIадго тIуразаруна, гьаруна сметаялда росичIелцин хIалтIаби.

Жакъа къоялде проекталда рекъон гьарурал хIалтIаби рахуна 75 %, киналго хIалтIаби лъугIизе руго кIиго анкьил болжалалда.

Унсоколо № I гьоркьохъеб школалда гьарулел хIалтIабазде гьоркьоре рачун рукIана кIалтIа ругел нуцIби хиси, коридоралда гIодоб жо кквей. Бихьизабулеб букIахъе гьенир гьарулел хIалтIабиги рагIалде рахъине руго кIиго анкьил болжалалда.

РакIалде щвезаризин, гьеб проект гIумроялде бахъинабулеб буго республикаялъул БетIер В. Васильевасул хIаракаталда рекъон, бакIалъулал школал жакъасеб къоялъул тIалабазде рачIинариялъе ва гьезул материалиябгун техникияб база щулалъиялъе.

БакIазде щвараз хал гьабуна школазда гIисинал классазул цIалдохъабазе бухIараб квен кьеялъул, санагIалъабазул, кабинетазул рахъги.

Районалъул администрациялъул вакилзаби балагьана Унсоколо № I школалда «Точка роста» цифровиябгун гуманитарияб централда бугеб ахIвал-хIалалъухъги.

## Хал гьарияль рукIана

Араб анкьалда районалъул школазда хал гьабуна санитарияб рахъалъ бугеб ахIвал-хIалалъул. Гьелъул аслияб гIилла букIана Роспотребнадзоралъул тIалабал лъай кьеялъул учреждениязда тIуразарулеб куцалъул хал гьаби.

Хал гьабизе хIаракатчилъи бихьизабун пикру загьир гьабуна районалъул прокуратураялъ. ХIалтIул бугеб хIалалъул хал гьабуна районалъул администрациялъгун цадахъ ОМВДялъ. Гьелда гIахьаллъи гьабизе ячIун йикIана РДялъул Буйнакск шагьаралда бугеб «Центр гигены и эпидемиологии» санитарияб рахъалъ хьезариялъул ФФБУЗалъул отделалъул зав. Наида МухIамадоваги.

Роспотребнадзоралъул тIалабал тIуралел ругеб куцалда хурхун хал гьабуна киналго школазул пищеблокал, гьединго хал гьаруна лъималазе квен кьеялъе ругел менюял. Районалъул прокурор ХI. Хайчилаевас цIалдохъабазулгун гара-чIвари гьабуна коронавирусалъул эпидемиялъул заманалда унтудаса цIуниялъул шартIазда кинал тадирал гьарулел ругелали лъаялъул мурадалда, бицана лъел хIорахъ чвердеялъул, хIинкъи гьечIолъи букIинабизе ккеялъул.

Дунял тун ананиги, тIекъавги витIуларев,
ТIун зобал рачIаниги, витIарав тIекълъуларев.
* * *
Воре хIелму гьабе, гьелъ мун кIодо гьавулин,
Дин бичIчIи тIалаб гьабе, гьелдалъун цеве тIолин.
* * *
Унтуе дару тIагIун, дар-дарун хутIугеги,
Гьабизе сабаб тIагIун, сал-салунги тогеги.
* * *
ЛъарагIалда лъаларев магIаруласде унге,
МагIарухъ лъалевилан апарагасдеги унге.
*Инхоса ГIалихIажияв*

Исламалъул гIалимзаби

# «Лъай босе киниялда ругелдаса хабалъе лъугьинегIан»

## (Исламалъул гIелмабазул доктор Гъ-М. Абакаровасулгун интервью)



ХIадисалда абулеб буго лъай бугин исламалъул рухI ва мугъчIвалеб къуват,-абун. КигIан ракI бохизе ккараб жоха бугеб нилъеда гьоркьор рукIин лъаялъухъ хIакъдулел ва гьеб гIолеб гIелалъе кьолел гьанжесел гIадамал. Кидаго цIияб жо тIаде лъазабулев, гьелда хадур лъугьаразул цояв ккола нилъер ракьцояв, РДялъул Муфтияталъул МугI-рул территориалияб округалъул рекъел гьабиялъул отделалъул нухмалъулев, ГъазимухIамад Абакаров. Щуго соналъ нухмалъи гьабуна гьес районалъул имамазул Советалъеги. ГъазимухIамад вуго гIемераб гIелму цIаларав, лъай бугев, сабурав, чIухIи гьечIев инсан. Гьанже гьев вахъана чIара-хьараб исламиял гIелмабазул докторлъун.

3 сентябралда РДялъул Муфтиятал да букIана Аллагьасул гIелму лъазабун исламияб гIелмуялъул лъаялъул роцен чIезабулеб диссертациял цIунаразул лъай борцунеб тадбир. Гьенир доктораллъун рахъаразул цояв ккола ГъазимухIамад Абакаровги. Исламиял гIелмабазул доктор щвана нижер пресс-централде. Гьениб нижер гара-чIвари ккана лъай босиялъул нухалъул, гIумроялъул ва ракълилаб отделалъул хIалтIул рахъалъ.

**-ТIоцебесеб иргаялда изну кье дуе щвараб докторлъиялъулаб степень баркизе. Бицани бокьилаан кинаб тема дуца кьучIое босараб ва кинал хIалтIаби «Судалда» цере лъурал докторлъиялъулаб диссертация цIунулаго?**

-Барак Аллагь! ТIадегIанасе рецц буго, нижеда кIвана гьел хIалтIабиги цIунун гIелмияб степень щвезе. Гьеб буго Аллагьасул гурхIел-рахIму. Гьесул нух кквей, гьечIо цогидаб жо щибниги. Дида цадахъ диссертация цIунана лъай-гIакълу, бажари цIикIкIарал гIалимаз. Гьезул хIакъалъулъ бицине дида гIемераб жо лъаларо.

АхIмад ГIисаев ккола къого соналдаса цIикIкIараб заманаялъ гIелмуялда гъорлъ вукIарав, цогидалги цIализавурав, Дагъистаналъул исламалъул университеталда (ДИУ) дарсал кьолев чи. Эсенбулат ЯхIяев ккола диналъул бищунго захIматал суалазе жавабал кьолев чи. Гьевги ккола ДИУялъул ва ДТИялъул преподаватель. Рашид ГIалимурзаев ккола теологиялъул ва социалиялгун гуманитариял гIелмабазул кафедраялъул кIудияв преподаватель.

АхIмадица хъвана фикхаялъул хIакъалъулъ – гьеб ккола исламалъул юриспруденция. Гьесул тема букIана «Ростовщичество – риба, ай, обществалда социалиябгун экономикиял зах1малъаби, тарих ва жакъасеб гIумро». Эсенбулатица рорхун рукIана акьды (божиялъул гIелму) ва гьеб темаялда цIунана хIалтIи. Гьесул чIванкъотIараб тема букIана «Каламическое наследие в арабоязычных трудах»,-абураб. Рашидица хъван букIана диссертация Къуръаналъул хIакъалъулъ «Правовые асфекты Корана»,-абураб. Анализ гьабун букIана «Поклонение» абураб бутIаялъул. Дица редактировать гьабуна цIар рагIарав гIалим Бадрудинил Мух1амад Заркашил сочинение. Бакру-ль-мужит фи усули-ль-фикх (всеохватывающее море основ исламского права). Гьеб ккола бусурман гIелмуялъул доктрина (Богословско-текстологический аспект)».

**-РагIа-ракьанде щун бице дурго хIалтIул, кигIанисеб заманаялъ мун гьелда т1ад хIалтIарав?**

-Къокъго абуни имам Бадрудинил МухIамад -аз-Заркаши ккола цIар арав гIарабиязул тарихчи, гIалимчи ва проповедник. Аз-Заркашил руго гIемерал хIалтIаби ва «Бахру-ль-мухит» ккола гьесул гIемерал хIалтIабазул цояб. Гьеб тIехьалъе редакторлъи гьабуна дица. БитIухъе абила, гьеб букIана цIакъ захIматаб хIалтIи. БакIаризе ккана информация, ракIарана гьел щибал тIирабиккун, интернеталда яги къватIиб, щолелъул гьелъул кинаб букIаниги информация гьечIо. Амма Аллагьасе рецц, гьеб масъала тIубазабизе кIвана.

**-ЖакъалъизегIан гьеб тIохьол кинаб букIаниги редакторчилъийишха букIинчIеб?**

-Цо бугони гьикъизе бегьула сундалъун батIа гьабулеб дур захIмат цогидазулалдаса, ай аз-Заркашил цогидал хIалтIабазе редакторлъи гьабуразул,-абун. РакI чIун абила гьединаб редакторлъи цонигияз гьабичIо тарихалда жаниб. У. Цо-цояз цо киналалиго отрывкаби росана гьеб хIалтIул рекъе-решезаризе. Амма рагIа-ракьанде щвараб, тIад калам гьечIеб редактура гьеб гьайбатаб, гIажаибго гъваридаб тIохьол жеги лъицаниги гьабун букIинчIо.

**-КигIанисеб заман дур бахъараб гьеб аз-Заркашил тIехьалъе редактура гьабулаго ва диссертациялъе гьелда т1ад х1алт1улаго?**

-ГIемераб заманаялъ хIалтIана дун гьеб тIехьалда тIад, лъугьана 230 гьумералдаса цIикIкIун. Бахчиларо, кинабдай лъугьинебан гIемер ургъелалги гьаруна дица гьелъул. Дица тIаде босун букIиндалха гъалатI ккечIого, камиялги ккезе течIого, качественнияб редакторлъи гьабизе. ГIемерал суалал кьуна дие диссертационнияб советалъ дистанционнияб видеобухьенги гьабун, гьезда гьоркьоре рачун рукIана къадру-къимат бугел къватIисел пачалихъабаздасаги нилъергоялги гIалимзаби. Гьез киназго кьуна дие суалал ва дир хIалтIи гьез къабулги гьабуна, Аллагьасе рецц!

**-Щиб букIараб хIалтIулъ бищунго захIматаблъун?**.

-Бищунго аслияблъун букIана цоцалъе ккечIого гIадамазул цIарал цIуни, гьезул хIакъалъулъ бичIчIуледухъ бицин, гIадатияб бичIчIулеб мацI бук1ин. Бищун аслиябги захIматабги букIана гьеб. Гьанибго тIаде жубала; дир мурад букIинчIо дун цIар рагIаравлъун гьави, цIар-рецц щвей. Гьеб дие хIажатги гьечIо. Дица дидаго цебе лъураб цохIого-цо мурад букIана цо чиясегIаги дидасан лъай щвей, дир захIматалдалъун цо чигIаги битIараб нухде вачIин. Лъай ккolелъул ТIадегIанас нилъеда кинида вугелдаса нахъе хабалъе лъезегIан босе,-ян аманат гьабураб хIакъикъат.

**-Щив дур гIелмияв нухмалъулев?**

-Дир гIелмияв нухмалъулев ккола Кьохъа ДИУялъул исламалъул гIелмабазул доктор МухIамадсайгид Сайгидов. Жиндирго гIелмияб степень гьес цIунана Каиралда (Сирия). Жакъа къоялде щвезегIанги дарсал кьолел руго чIахIиял исламалъул институтазда. Дие гьес кIудияб кумек гьабуна ва кутакалда вохун баркала кьезе бокьун буго гьесие! ТIадегIанав Аллагьас кIодо гьавеги гьев кумекалъухъ ва сабруялъухъ! Баркала кьезе бокьун буго щвараб ресалдаса пайдаги босун дие кумек, кверчIвай гьабуралщиназе. Гьел ккола дир хъизан, Унсоколо районалъул администрация ва гьелъул нухмалъи. Гьабураб кумекалъухъ, тIалаб-агъазалъухъ Аллагьас нуж битIараб-хIакъикъияб нухде ккезареги.

**-Бице ракълил хIалтIи гьабиялъул отделалда гьабулеб хIалтIул.**

-КIиябго рахъалъ ракълиде рачIунаго нилъеца гьабулеб хIалтIул аслияблъун ккола рагIи. Ракълие гIадамал кантIиялъе бицунеб хIеренаб, тамахаб лъикIлъиялде ахIулеб рагIи. Щуго соналъ Унсоколо районалъул иманлъун вукIана дун. Гьел саназдаги ракълил гIемерал суалал тIуралаан, гьелъ гIемерисел битIараб нухдеги рачIана, Аллагьасул хIалкIолъиялдалъун. Дида ракIалде ккола ахирияб заманалда лъикIаб рахъалдецин сверизабизе кIванин районалъул гIадамазул ва нилъедехун къватIибехун бугеб пикруги лъикIаб рахъалъ,- абун. Гьелъие гIемераб хIалтIи гьабуна муниципалитеталъул бетIер ГI. НурмухIамадовас, РДялъул Халкъияб Собраниялъул депутат М. МухIамадовас ва цогидазги.

**-Баркала дуе интересаб гара-чIвариялъухъ.**

**Гара-чIвари гьабуна**
**Асият МУХIАМАДОВАЛЪ**

**Ахихъан**
Районалъул газета
№ 29 (7430)
Арбаг1
30 сентябрь 2020 сон

3 гъумер

# Садовод

Страница в номере

## О деятельности организации защиты прав застрахованных граждан в системе ОМС РД

Одной из основных задач деятельности Территориального фонда обязательного медицинского страхования Республики Дагестан является защита прав граждан, застрахованных по обязательному медицинскому страхованию на получение доступной, бесплатной и качественной медицинской помощи, выявление проблем, связанных с доступностью и качеством медицинской помощи.

В рамках системы обязательного медицинского страхования организована работа по защите прав застрахованных в отделах ТФОМС РД и страховой медицинской организации МАКС-М по приему обращений граждан специалистами в городских и районных филиалах фонда, установлены телефоны прямого дозвона на горячую линию ТФОМС РД и страховой медицинской организации МАКС-М.

Одной из основных задач страховой медицины является защита прав застрахованных граждан на получение доступной и качественной медицинской помощи в учреждениях здравоохранения на территории Республики Дагестан, обеспечение доступности и повышение качества медицинской помощи.

В рамках системы ОМС реализуются в Дагестане федеральные проекты: «Развитие первично медико-санитарной помощи», «Борьба с онкологическими заболеваниями», в Буйнакской детской городской поликлинике уже действует проект «Бережливая поликлиника», организованно страховое представительство в медицинских организациях, действует информационное сопровождение застрахованных лиц на всех этапах оказания медицинской помощи.

За счет средств нормированного страхового запаса ТФОМС РД оплачивается дополнительное профессиональное образование медицинских работников по повышению квалификации, приобретения и проведения ремонта медицинского оборудования в медицинских организациях, участвующих в реализации территориальной программы ОМС.

Продолжается проведение диспансеризации взрослого населения и несовершеннолетних детей, развитие медицинской помощи по профилю «Медицинская реабилитация».

Уважаемые граждане! Специалисты ТФОМС РД и страховых медицинских организации проконсультирует вас всем вопросам обязательного медицинского страхования. Разъяснят о ваших правах, подскажут как поступить в сложной ситуации, и окажут необходимое содействие в реализации ваших прав и законных интересов!

Для связи со специалистами ТФОМС РД и страховой медицинской организации в круглосуточном режиме работает телефон контакт-центра 8 800 222 29 05 (звонок бесплатный)

**Буйнакский филиал ТФОМС**

# Пенсионный фонд Дагестана приглашают лиц...



Пенсионный фонд Дагестана приглашают лиц, которым исполнилось 40 лет и больше, придти в терорганы ведомства в городах и районах, для уточнения индивидуальных лицевых счетов и формирования будущей пенсии.

В ведомстве напоминают, что достижение пенсионного возраста – значимое событие в жизни каждого гражданина, поэтому крайне важно заблаговременно позаботиться о том, чтобы к моменту возникновения права на назначение пенсии все необходимые документы были в наличии, а их содержание и оформление законодательно соответствовало установленным требованиям.

Пенсионный фонд Дагестана организовал заблаговременную работу, в том числе в отношении лиц 1981 года рождения и старше, в индивидуальных лицевых счетах которых отсутствуют сведения о страховом стаже за период до 01.01.2002, и граждан предпенсионного возраста в части периодов прохождения военной службы в целях уточнения индивидуальных лицевых счетов для формирования «полного» индивидуального лицевого счета.

Эта работа позволит дополнить индивидуальные лицевые счета всех застрахованных лиц не только сведениями о страховом стаже, но и нестраховыми периодами, которые засчитываются в стаж и за которые начисляются пенсионные коэффициенты.

К ним относятся:

-период прохождения военной службы;

-период ухода одного из родителей за ребенком до полутора лет;

-период ухода за инвалидом I группы, ребенком-инвалидом и за лицом, достигшим возраста 80 лет;

-период получения пособия по безработице и т.д.

При проведении заблаговременной работы специалисты Пенсионного фонда республики:

- подскажут, какие документы необходимо собрать каждому конкретному гражданину;
- оценят сведения, содержащиеся в представленных документах, их соответствие данным персонифицированного учета, а также правильность оформления документов;
- окажут помощь в истребовании необходимых документов для будущей пенсии, и проконсультирует по вопросам пенсионного обеспечения.

Таким образом, при проведении заблаговременной работы к дате обращения за пенсией у человека формируется полный пакет документов, что позволит ему получить пенсию в полном объеме и своевременно.

Работающим застрахованным лицам в ведомстве рекомендуют обратиться в ПФР через работодателя, с кем заключено соглашение об организации информационного взаимодействия по представлению документов для заблаговременной работы.

# РЕСПУБЛИКА ДАГЕСТАН
## Унцукульский район

**368950 Республика Дагестан Унцукульский район, п. Шамилькала, ул.М. Дахадаева 3, т. 55-62-87 Email: uncuk_sobranie**

### РЕШЕНИЕ
### о внесении дополнений в решение Собрания депутатов от 29.12.2014 №138 «О нормах расходования средств на проведение спортивных мероприятий и нормах расходов на призы»

**Принято Собранием депутатов**
**17 сентября 2020 года №51**

Учитывая предложение главы муниципального района Нурмагомедова И.М. о необходимости поощрения не только спортсменов района -победителей олимпийских игр, но и спортсменов района -победителей, тренеров по неолимпийским видам спорта, с целью поднятия престижа и развития спорта в районе , Собрание депутатов муниципального района

РЕШАЕТ:

1. Дополнить приложением № 5 «Нормы расходов на награждение спортсменов района – победителей и тренеров по неолимпийским видам спорта» решение Собрания депутатов муниципального района «Унцукульский район» от 29.12.2014 г.№138 «О нормах расходования средств на проведение спортивных мероприятий и нормах расходов на призы».

2.Опубликовать настоящее решение в районной газете «Садовод» и разместить на официальном сайте администрации муниципального района в сети Интернет.

**Глава муниципального района**
**И. Нурмагомедов**

**(Продолжение на 4 странице)**

# РЕСПУБЛИКА ДАГЕСТАН
## Унцукульский район

**Приложение №5**
**к решению Собрания депутатов**
**от 29 декабря 2014 года №138**

Нормы расходов на награждение спортсменов района – победителей и призеров чемпионатов РД, ЮФО, России, Европы, Мира по неолимпийским видам спорта.

| Статус спортсмена | в рублях |
|---|---|
| Чемпиону Дагестана среди взрослых | 8 000 |
| Чемпиону Дагестана среди юношей, юниоров и молодежи | 5 000 |
| Чемпиону ЮФО среди взрослых | 10 000 |
| Чемпиону ЮФО среди юношей, юниоров и молодежи | 8 000 |
| Чемпиону России среди взрослых | 20 000 |
| Чемпиону России среди юношей, юниоров и молодежи | 10 000 |
| Чемпиону Европы среди взрослых | 70 000 |
| Призерам чемпионата Европы среди взрослых | 40 000 и 20 000 |
| Чемпиону Европы среди юношей, юниоров и молодежи | 20 000 |
| Призерам чемпионата Европы среди юношей, юниоров и молодежи | 10 000 и 7 000 |
| Чемпиону Мира среди взрослых | 100 000 |
| Призерам чемпионата Мира среди взрослых | 50 000 и 30 000 |
| Чемпиону Мира среди юношей, юниоров и молодежи | 50 000 |
| Призерам чемпионата Мира среди юношей, юниоров и молодежи | 30 000 и 20 000 |
| За большой вклад в развитии спорта в районе. (Тренерам, физрукам) | 20 000 |

# БукIина «Гьоболасул рукъ»



2I сентябралда хIалтIулаб сапаргун ГьаракIуни росулъе щвана рай-оналъул бетIерасул зам. ГI-М. МухIамадовги, культураялъул отделалъул нач. ГI. ГIабдулаевги. Гьел ралагьана кисанго росу сверухъе. Аслияб мурадлъун букIана гьеб мохъалда гьоболасул рукъ баялъе (этнодвор) бакI тIаса бищи. Т1аса бищана баракатаб тIабигIатги бугеб гьайбатаб бакI. Гьениб буго кIудиб азбар, берцинаб ах, хIажатаб тIагIел-гIучI. «Гьаб бакI унго-унголъунги данде ккола этнодворалъе»,-ян бихьизабуна ГI. ГIабдулаевас нижер мухбиралъулгун букIараб гара-чIвариялда

# ЦIа ккеялдаса цIуниялъе



Дагьаб цебег1ан районалъул школазда инструктаж гьабуна гьенир цIаял ккеялдаса цIуниялъе. Тадбир тIобитIана РДялъул МВДялъул 2020 соналъул 2 сентябралда къватIибе биччараб № I698 бугеб Россиялъул МВДялъул Унсоколо районалда бугеб отделалъул «Лъай кьеялъул учреждениязда цIа ккеялъул хIинкъи букIунгутIиялъул» хIакъалъулъ распоряжениялда рекъон.

Школазда тIоритIана хIинкъи гьечIолъиялъул дарс, гьенир цIалдохъаби хIинкъи гьечIеб бакIалде рачиналъул хIалбихьиялги тIоритIана. Хал гьабуна цIа ккедал хIалтIизабулеб сигнализация хIалтIулеб буги-щалиги.

Гьединго МВДялъул распоряжение тIубазабиялъул рамкаялда жаниб гьабуна санагIат гьечIел хъизаназда гIолел лъимал закон хвезабиялъул хIужабазде унгутIиялъе тадбиралъул хIалтIаби, хал гьабуна лъималазе бухIараб квен кьеялъул бугеб хIал ва гIемераб цогидабги.

Лъалищ нужеда?

# НекIсиял ва гьанжесел гIадамал

<u>Ракьалда тIоцересел гIадамал раккана 400 азарго соналъ цере. Гьеб заманалда жаниб хисана климат, гIумро гьабиялъул бакIал, гьел гурелги. Кин сверухълъиялъ ва гIумро гьабиялъул къагIидабаз чиясул хасият хисизабураб. РачIа данде кквезин.</u>

* Бищунго цере дунялалде раккарал гIадамазул гьоркьохъеб гIумро халалъи букIун буго 25-30 сон. Гьоркьохъеб хIисабалда гьанжесев чиясул гIумроялъул заман буго 70-80 ва цIикIкIунги. ТIоцересел гIадамазул лъималазул къадар букIун буго 5-8, гьанжесел I-2 (дагьалги цIикIкIун къанагIат!.

* I0 азарго соналъ цере рукIарал гIадамазул скелетал релъуна олимпиялъул лижниказулазда.

* Ца-кIал. КIалдир гьел некIсиял гIадамазул рукIана 32. Гьанжейин абуни мегополисалъул бащдал гIадамазулги (зубы мудрости) гIакъиллъиялъул гIусал ункъгоялъул бакIалда раккулел руго гIицIго кIиго. Гьедин ца-кIалалъул къадар бахунеб буго 28-30 ялде.

* ГIадалзул нах – ккола черхалъул аслияб орган. Цебегоялдаса нахъе баянаб буго гьелъул цIайи гьанжесев чиясул гIемерго гьитIинаб бук1ин тIоцересел гIадамазулалде дандеккун. 25-I2 азарил соназ цебе гьелъул цIайи букIана I350 см.$^3$ I500см.$^3$ данде. Гьелда тIадеги гьанжесел гIадамазул гIадалзул нахул цIайи гIодобе кколеб буго щибаб санайил. Щай?!

ГIемерисел гIалимзабаз чIезабулеб буго некIсияв чанахъан, хадусев ракь хIалтIизабулев ва кочевник гIакъилал рукIанин гьанжесел гIадамазде данде-ккун. Гьел рукIана гIицIго гIакъилал гурел, махщелчагIи – универсалал. Гьезул щивасда лъалаан чан кин гьабилебали ва ччугIа кин ккелебали, цIа бакизе, квен гьабизе, чIезе бакI гьабизе, хIалтIуе алат ва ярагъ гьабизе, киналго тIабигIиял захIмалъабаздаса рорчIизе, унтуе даруял хурдул ракIаризе, лъаларел бакIазда нух батизе ва цогидабги.

Щибха гьанжесел шагьаралъул гIадамазда бажарулеб? Щибниги бажа-руларин абуниги бегьула. Гьезие гьеб гьанже къваригIунебги гьечIо – гIумро буго батIияб. Гьединлъидал гIадалзул нах гьитIинаб бугониги щиб?!

Цо-цо гIалимзабаз рикIкIунеб буго цIияв гIадан вижанилан – гомо урбахуе (яги шагьаралъул чи) абурав. Гьелдаго цадахъ кивениги тIагIун гьечIо гомо-сапиенс. Гьев цевего гIадин гIумро гьабун вуго тIабигIаталда, росабалъ халкъазда гьоркьов.

**<u>Газета основана 1937 г.</u>**

**УЧРЕДИТЕЛЬ:**
**Администрация Унцукульского района**

**Главный редактор**

**КЕБЕДМАГОМЕДОВА САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВНА**

**Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД**

**Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г.**

**Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.**

**<u>Адрес редакции:</u>**
**51373**
**Унцукульский район**
**п. Шамилькала**
**ул. М. Дахадаева 3**
**Телефон редактора**
**89896522856**
**sadovoduns@yandex.ru**
**398940**

Адрес издателя и типографии
г. Махачкала
«Дом печати» ул. Акушинского 21

Подписано в печать - 29. 09. 20 г. 17.30
фактически -18. 00 мин.
.........................................
Газета выходит 52 раз в год
на аварском и русском языках
Тираж - 1000 экз.